



**PENILAIAN AKHIR SEMESTER GASAL
SEKOLAH DASAR NEGERI PULO LOR I
KECAMATAN JOMBANG KABUPATEN JOMBANG
TAHUN PELAJARAN 2022/2023**

Mengetahui Orang tua/Wali	Mata Pelajaran : Bahasa Jawa Kelas : V (Lima) Waktu : 60 menit Hari/Tanggal : Nama/No. Absen :	Nilai : Paraf Guru
---------------------------------------	---	---

Wangsulana sing bener!

1. Teks manut jinise bisa kaperang dadi lima warna. Karangan utawa paragraf kang nyritakake kedadean kanthi wektu utawa kedadean kang runtut saka wiwitan nganti pungkasan kasebut
A. Teks Dheskripsi
B. Teks Narasi
C. Teks Persuasi
D. Teks Argumentasi

2. Wacanen wacan ngisor iki kanthi titi!

Sing kulina oleh sebutan jujur utawa ora iku biasane ya menungsa, nanging iki ana arane woh-wohan kok diarani woh jujur, kepriye ya nalare? Sing diarani wong jujur iku ora liya ya si hitam manis utawa manggis. Isine manggis iku bisa dideleng sakanjaba, tegesa sapa wae sing ngerti rahasiane manggis wis bisa ngerti sadurunge dibukak kulite. Isine papat lima, utawa enem, wis bisa dideleng saka njabane kulit. Carane mengkene: cekelen manggis mau banjur waliken gagange neng ngisor. Ing kono bakal ketok bentuk kembang ing tengah-tengahe kulitmanggis. Yen kelopake ana papat, mula isine mesthi papat. Yen kelopake ana lima utawa nem mesthi isine padha karo cacahé gambar kembang mau. Ya marga saka iku manggis iku diarani wong jujur, njaba lan jerone padha.

Teks wacan ing dhuwur iku klebu jinise teks

- A. Teks Dheskripsi
B. Teks Narasi
C. Teks Persuasi
D. Teks Argumentasi
3. Ana sawijine teks sing nyritakake prosese nggawe ondhe-ondhe wiwit saka bahan nganti dadi ondhe-ondhe sing bisa dipangan iku klebu jinise teks
A. Teks Dheskripsi
B. Teks Narasi
C. Teks Persuasi
D. Teks Argumentasi
4. Saben teks dhuwene struktur teks sing bangun critane isi teks iku mau. Sing klebu struktur teks narasi yaiku
A. Tema – identifikasi
B. Tema – lakune crita
C. Identifikasi - klarifikasi
D. Watake tokoh - klarifikasi

5. Unggah-Ungguh Basa Jawa bisa dideleng jinise basa kang lumrah digunakake pacelathon saben dinane ing pasrawungan. Basa krama sing ora dicampuri karo basa liyane diarani basa
- A. Basa ngoko lugu
 - B. Basa ngoko alus
 - C. Basa krama lugu
 - D. Basa krama inggil
6. Basa ngoko sing dicampuri basa krama alus/alus diarani basa ngoko alus. Ukara ngisor sing nganggo basa ngoko alus yaiku
- A. Bu Susanti ngutus Adi njupuk gelas.
 - B. Bapak sedinten wingi kesah teng sabin.
 - C. Mas Indra dipuntimbali Budhe Sumi.
 - D. Aku karo Budi nggawe layangan bareng.
7. Mas Anton nyilih palu ing omahe Pak Fathoni. Ukara mau yen diowahi nganggo basa krama lugu yaiku
- A. Mas Anton ngampil palu dhateng daleme Pak Fathoni.
 - B. Mas Anton nyambut palu teng daleme Pak Fathoni.
 - C. Mas Anton nyambut palu teng griyane Pak Fathoni.
 - D. Mas Anton ngampil palu dhateng griyane Pak Fathoni.
8. Garwanipun Bu Endang gerah sampun tigang dinten. Yen diowahi nggango basa ngoko dadine
- A. Bapake Bu Endang lara wis telung dina.
 - B. Bojone Bu Endang lara wis telung dina.
 - C. Kakange Bu Endang lara wis telung dina.
 - D. Adhine Bu Endang lara wis telung dina.
9. Pawarta iku kabare iku mau ana nyatane utawa kedadean sing temenan. Ciri iku mau diarani
- A. Aktual
 - B. Faktual
 - C. Cekak aos
 - D. Jangkep
10. Ana enem tembung pitakon sing klebu unsur jangkepe pawarta. Tembung pitakon sing jawabane bab panggonan kedadean yaiku
- A. Apa
 - B. Kapan
 - C. Ing ngendi
 - D. Sapa

11.



Pawarta sing ditampa saka maca sawijine media cetak upamane kaya gambar ing sisih iki diarani

- A. Pawarta aktual
- B. Pawarta hoax
- C. Pawarta lisan
- D. Pawarta tulis

12. Panganan khas Gresik iki lumrahe dibungkus godhong gedhang, biasane akeh didel yèn wayahe wulan pasa. Panganan iki arane

- A. Bongko kopyor
- B. Bonggolan mengare
- C. Segi karak
- D. Segi krawu



13. Panganan kaya gambar ing sisih iki wujudé bunder-bunder diisèni gula, diparuti klapa. Panganan iku arane

- A. Bikang
- B. Ondhe-ondhe
- C. Kucur
- D. Klepon



14. Hasan lagi sepedhahan sakancane. Ing dalan sing diliwati ana wong sing padha lelungguhan. Yen Hasan lan kancane mau dhuwe sopan santun kudune

- A. Angkara murka
- B. Andhap asor
- C. Ciri wanci
- D. Endhek dhuwur

15. Pak Bondan nyambut gawane temenan, nganti adus

- A. Banyu
- B. Getih
- C. Kringet
- D. Seger

16. Raja lele sakilo regane sangang ewu rupiah. Raja lele iku arane

- A. Iwak
- B. Panganan
- C. Beras
- D. Ketan

17. Mbak Fatin bocahe ayu yen disawang katon..... luwes.
- A. Lembut
 - B. Gemes
 - C. Ayu
 - D. Gandhes
18. Pak Gatot saiki dadi juru kunci.
- Juru kunci tegese
- A. Wong sing jaga kuburan
 - B. Tukang parkir
 - C. Tukang sayur
 - D. Tukang gawe kunci
19. Bu Mirna lagi rawuh saka rumah sakit, saiki awake kari lunglit.
- Ukara mau tegese Bu Mirna awake
- A. Lara
 - B. Kuru banget
 - C. Ora mangan
 - D. Ora sehat
20. Ing Indonesia, mligine ing Pulo Jawa iku ana telung penanggalan yaiku Penanggalan Masehi, Penanggalan Hijriyah, lan Penanggalan Jawa. Tetelune penanggalane mau saben taune duweni jumlah wulan sing padha yaiku
- A. Sawulan
 - B. 10 wulan
 - C. 11 wulan
 - D. 12 wulan
21. Saben penanggalan duweni adhedhasar petungane. Penanggalan Masehi iku petungane adhedhasar
- A. Peredaran dina
 - B. Peredaran mbulan
 - C. Peredaran srengenge
 - D. Peredaran angin
22. Tembang macapat sing gatrane paling akeh yaiku
- A. Dhandhang Gula
 - B. Megatruh
 - C. Sinom
 - D. Pangkur
23. Tibane aksara swara ing pungkasane gatra tembang diarani
- A. Guru wilangan
 - B. Guru gatra
 - C. Guru sastra
 - D. Guru lagu

24. Tembang macapat sing sakpada dumadi saka sangang gatra yaiku

- A. Sinom
- B. Kinanthi
- C. Maskumambang
- D. Pangkur

25. Cacahe gatra saben pada tembang diarani

- A. Guru wilangan
- B. Guru gatra
- C. Guru sastra
- D. Guru lagu

26. Cacahe wanda saben sagatra tembang macapat iku diarani

- A. Guru wilangan
- B. Guru gatra
- C. Guru sastra
- D. Guru lagu

27. Wacanen tembang ing ngisor iki!

Anoman malumpat sampun

Prapteng witing nagasari

Mulat mangandhap katingal

Wanodyayu kuru aking

Gelung rusak wor lam kisma

Kang iga-iga kaeksi

Tembang ing dhuwur irah-irahane yaiku

- A. Pangkur
- B. Kinanthi
- C. Sinom
- D. Maskumambang

28. Wacanen tembang ing ngisor iki!

Poma kaki padha dipun eling

Ing pitutur ingong

Sira uga satriya arane

Kudu anteng jadmika ing budi

Ruruh sarta wasis

Samubarangipun

Cacahe gatra ana

- A. 8
- B. 7
- C. 6
- D. 5

29. Wacanen tembang ing ngisor iki!

Gereng-gereng Gathutkaca sru anangis

Ngulati arinya

Kang wus kelem jroning warih

Dhuh-dhuh adhuh ariningwang

Gatra ketelu guru wilangan lan guru lagune yaiku

- A. 8i
- B. 9i
- C. 8e
- D. 9e

30. Wacanen tembang ing ngisor iki!

Mingkar mingkuring angkara (1)

Akarana karenan mardi siwi (2)

Sinawung resmining kidung (3)

Sinuba sinukarta (4)

Mrih kratarta pakartining ngerlmu luhung (5)

Kang tumrap neng tanah Jawa (6)

Agama ageming aji (7)

Sing dhuweni guru wilangan lan guru lagu 8i yaiku gatra ke

- A. (3)
- B. (4)
- C. (6)
- D. (7)

31. Paugerane tembang macapat iku ana telu. Sing ora klebu paugerane tembang macapat yaiku

- A. Guru sastra
- B. Guru lagu
- C. Guru wilangan
- D. Guru gatra

32. Kulawarga Kurawa iku ana sing senengane dadi provokator, tukang adu-adu, sing mbarai tukaran yaiku

- A. Sengkuni
- B. Citraksa
- C. Aswatama
- D. Begawan Durna

33.



Wayang iki jenenge

- A. Duryudana
- B. Dursasana
- C. Durmagati
- D. Kartamarma

34. Ricikan gamelan sing carane ngunekake digesek yaiku

- A. Gitar
- B. Saron
- C. Rebab
- D. Demung

35. Maceme gamelan akeh warnane.
Yen sing ana ing gambar iki arane

- A. Gender
- B. Peking
- C. Bonang
- D. Kenong



No.	No. KD	Materi	Jumlah Soal	No. Soal	Nilai KD
1	3.1	Teks Narasi	8	1 - 8	
2	3.2	Teks Faktual/Pawarta	5	9 - 13	
3	3.3	Tembung Saroja	8	14 - 21	
4	3.4	Tembang Macapat	14	22 - 35	